lanadı. Baslanǵısh klasslardıń aqırına kelip, oqıwshılarǵa qoyılǵan talaplardın kóbeyiwi, oqıw-tárbyialıq jumıslardıń dúrıs shólkemlestirilgenligi, olarda miynetsúyiwshilik, tártiplilik, puqtalıqtı rawajlandıradı. Áste-aqırın óz háreketlerin tártipke salıw, óz-ózin basqarıw, kontrollaw uqıpları rawajlanadı, emociya hám impulslarǵa berilmeslik, qıyınshılıqlardı jeniw qabiletleri ósedi.

Úshinshi klassqa kelip, balalarda parız sezimi qaliplesedi, bul ele jeterli dárejede turaqlı hám biyǵarez emes.

Baslanǵısh mektep jastaǵı ballarda kognitiv qızıǵıwshılıq rawajlanadı. Aldın ayırım faktlerge, ayırım waqıyalarǵa (1-2 klasslar), keyin waqıyalar, olardın kelip shıǵıw sebeplerine, óz ara baylanısıwlarına bolǵan qızıǵıwshılıq payda boladı (3 klass aqırına). Úshinshi klasstan baslap bilim alıw qızıǵıwshılıqları parıqlanıp baslaydı. Kishi klass oqıwshılarınıń oqıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵı tuwrıdan tuwrı oqıw jumıslarınıń shólkemlestiriwine baylanıslı. Sol ushın, oqıtıwshı kishi klasstaǵı balalardıń qızıǵıwshılıqlarınıń rawajlanıw nızamlarına dıqqat qaratıwı kerek. Sol ushında oqıtıwshı hám psixologlar kishi mektep jastaǵı balalardıń oy órisin, olardıń logikalıq oylawların rawajlandırıw maqsetinde qosımsha retinde hár qıylı psixologiyalıq metodikalardan paydalanıp barıwları maqsetke muwapıq.

Mısal retinde «Ulıwma túsinikti anıqlaw” metodikası balalarda pikirlewlerin tekserip olardı rawajlandırıwda júdá jaqsı nátiyje beretuǵın metodika bolıp esaplanadı. Bul metodikada jıyındı sózler berilgen bolıp, blankada 20 qatardıń hár qaysısında 5 sózden ibarat, ekewi berilgen sózge tiyisli bolıwı kerek. Usı 2 sózdi tawıp hámde astın sızadı.

1. Baǵ (ósimlik, baǵban, iyt, zabor, jer).
2. Dárya (teńizdiń jaǵası, balıq, balıqshı, suw, jaǵıs).
3. Qala (mashın, imarat, kóshe, vilosiped, alaman).
4. Saray (sabanxana, at, tóbe, diywal, haywan).
5. Kub (múyesh, sızılma, tárepi, tas, terek).
6. Bóliw (klass, bóliwshi, qálem, bóliniwshi, qaǵaz).
7. Sheńber (diametr, almaz, mór, aylana, tamǵa).
8. Oqıw (kitap, sóz, mór, súwret, bólim).
9. Gazeta (haqıyqat, qosımsha, telegramma, qaǵaz, redaktor).
10. Oyın (karta, oyınshı, járiyma, jaza, qaǵıyda).
11. Urıs (aeroplan, gúres, mıltıq, ásker, sawash, top).
12. Kitap (súwretler, urıs, qaǵaz, muxabbat, tekst).
13. Qosıq (ses, kórkem-óner, dawıs, shapalaq, nama).
14. Jer silkiniw (ot, ólim, jer qıymıldawı, shawqım, suw basqını).
15. Kitapxana (qala, kitap, lekciya, nama, kitap oqıwshı).
16. Toǵay (bet, alma, ańshı, terek, qasqır).
17. Sport (medal, orkestr, jarıs, jeńis, maydan).
18. Emlewxana (xana, baǵ, shıpaker, radio, awırıw).
19. Muxabbat (roza, sezim, adam, qala, tábiyat).
20. Watan súyiwshi (qala, dos, watan, shańaraq, adam).

Demek, kishi mektep jastaǵı balalarda usınday qosımsha tapsırmalar berilip barılsa olardıń oy órisleri keńeyip pikirlewleri jaqsı rawajlanadı jánede oqıw procesi tásirinde ruwxıy rawajlanıwında áhmiyetli jıljıwlar payda boladı, olardıń ómirin sheshiwshi dawir – jas óspirimlik dawirge kiriwge tayarlaydı.

## Ádebiyatlar


1. Абрамова Г.С. Возрастная психология. - М.: «Академия», 1998. –С. 672.
2. Аверин В.А. Психология детей и подростков. 2-е изд., перераб. СПб. Изд-во Михайлова В.А. 1998. -С. 379.
3. Ануфриев А.Ф., Костромина С.Н. Как преодолеть трудности в обучении детей. - М.: «Ось 89», 1999. –С. 224.
4. Гамезо М.В. и др. Возрастная и педагогическая психология. -М.: «Просвещение», 1984. –С. 256.
5. Люблинская А.А. Учителю о психологии младшего школьника. -М.: «Просвещение», 1977. –С. 224.
6. Мухина В.С. Шестилетний ребёнок в школе. - М.: «Просвещение», 1986. – С.144.
7. Немов Р.С. Психология. Книга I. - М.: «Просвещение», 1994. -С.576.
8. Щербакова А.И. Практикум по общей психологии. 2 изд., переработанное и дополненное. - М.: «Просвещение», 1990. –С. 288.
9. Рабочая книга школьного психолога. Под ред. И.В.Дубровиной. -М.: «Просвещение», 1991. –С. 303.
10. Эльконин Д.Б., Драгунова Т.В. Возрастные и индивидуальные особенности младших школьников. - М.: «Просвещение», 1967. –С. 360.
11. Психодиагностика коллекция лучших тестов. -Ростов-на-Дону: «Феникс», 2006.



**REZYUME**

Maqolada kichik maktab yoshi davridagi oʻquvchilarning shaxs boʻlib shakllanishida jamiyatning tasiri, odob-axloq meyorlari, xulq-atvorlarning shakllanishlari haqida soʻz yuritiladi.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается формирование личностных качеств младших школьников в школе и влияние общества на формирование их личности, нормы морали и формирование поведения.

**SUMMARY**

The article deals with the formation of the personality of young schoolchildren at school and the influence of society on the formation of their personality, moral standards, and the formation of behavioral action.


# ҚӘНИГЕЛИК ТӘЛИМДЕ ЭТНОМӘДЕНИЙ КОМПЕТЕНЦИЯЛАРДЫ ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎДЕ ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ТИЙКАРЛАР


**Г.Т.Губенова –** *магистрант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар**: педагогика, таълим тизими, касбий таълим, этник-маданий компетенция.

**Ключевые слова:** педагогика, система образования, профессиональное образование, этнокультурная компетенция.

**Key words:** pedagogy, education system, professional education, ethno cultural competence.


Халықтың этномәдений теңлеслиги, өзиниң тарийхының ўақыяларын, мәдениятын билиў, қәлиплескен рууxый байлықларға садықлық, миллий қаҳарманларды ҳүрметлеў нәтийжесинде пайда болады. Ол миллеттиң еркин ҳәм ықтыярлы өмирди дөретиўшилиги процесинде қәлиплеседи. Этномәдений аўҳалдың бирдейлигине халықтың жаратқан социомәдений тарaўы арқалы ерисиледи.

Көп мәдениятлы жәмийетте адамның жеке инсан сыпатында раўажланыўының көп тәрепли процесиниң әҳмийетли бөлими, этномәдений компетенцияларды қәлиплестириў, атап айтқанда, өзи ўәкили болып табылатуғын ҳәм арасында жасайтуғын, көп тәрепли процестиң ажыралмас бөлеги болып есапланатуғын, сол этностың, мәдений байлықларын, дәстүрлерин, социаллық нормаларын жеткерип бериў болып табылады. Белгили бир этностың этномәдений байлық-ларынан пайдаланыў, ҳәзирги заман жасларының социаллық, әдепикрамлылық ҳәм физикалық раўажланыўына тәсир көрсетиўге мүмкиншилик береди.

Өзбекстан Республикасы тек ғана өзиниң оғада кең аймағы менен емес, ал өзиниң халқының этникалық ҳәм диний ҳәр түрлилиги менен де ажыралып турады. Көплеген миллетлердиң ҳәм дүнья жүзилик диний исенимлердиң конфессиялардың ўәкиллери көп миллетли өзбек халқын қурайды. Усыған байланыслы, дүнья

жүзилик билимлендириў кеңислигине ийкемлесип қосылыў жағдайларында, этномәдений қунлылықларды, қәдириятларды, байлықларды таратыўшы сыпатында алға шығатуғын, болажақ оқытыўшылардың этномәдений компетенциясын қәлиплестириў процесин күшейтиўдиң зәрүрлигиниң ўақты жетти.

Суверенли мәмлекеттиң келешеги өтмиштиң тарийхы пенен өз ара байланыслы. Ҳәр бир халықтың, жас әўладты тәрбиялаў исиндеги әсирлер даўамында топланған идеялары, ойлары, үлги болып есапланатуғын, өзине тән тәрбия формалары бар. Буны жасларды миллий тәрбиялаўдың дәстүрлеринде көриўге болады. Жасларды руўхый раўажландырыў ҳәзирги заман талапларына муўапық алып барылады, халық тәрепинен әсирлер даўамында топланған, халықлық мийраслардың алдыңғы үлгилери инсанның ҳәр тәреплеме раўажланыўына тәсир көрсетеди. Усыған байланыслы, бүгинги күни, болажақ педагогларда, олардың арасында этномәдений компетенцияның да роли әҳмийетли болған, улыўма, предметлик, шешиўши билимлиликлерди қәлиплестириўдиң зәрүрлиги күшейеди.

Этномәдений компетенция – бул, адамның оған басқа этникалық топарлардың ўәкиллери менен өз-ара байланыслардың, өз ара қарым-қатнаслардың өзине тән айрықшалықларын ҳәм жағдайларын дурыс түсиниўге, олар менен келисимлилик ҳәм өз ара исеним жағдайын сақлаў мақсетинде ылайықлы бирге ислесиў формаларын табыўға мүмкиншилик беретуғын билимлерин, көнликпелерин ҳәм уқыплылықларын көрсете алыўының дәрежеси [1:569].

Этномәдений компетентлик, биринши гезекте:

- белгили бир миллий аймақлардың ўәкиллериниң, олардың этникалық өзине тән айрықшалықлары олар менен қатнасыўға сезилерли тәсир ететуғын, талапларын ҳәм қунлылыққа бағдарланыўларын;
- белгили бир миллий топарлардың ўәкиллериниң мүтәжликлери ҳәм мотивлери менен отырықшы халықтың жәмийетлик санасында қәлиплескен, адамлар арасындағы жумысқа байланыслы, сиясий ҳәм миллетлер аралық өз ара байланыслардың әдеттеги дәстүрли нормалары арасындағы келиспеўшиликлердиң бар екенлигинен гүўалық бериўши ҳақыйқый жағдайларды;
- белгили бир миллетлер ўәкиллериниң миллий аң-сезиминиң көринисиниң өзине тәнлигин;
- миллетлер аралық қатнаслар барысында белгили бир этникалық топарлар ўәкиллериниң сиясий аң-сезиминиң миллетшилик, шовинистлик элементлеринен қорғаныў формаларының өзине тән айрықшалықларын дыққат пенен белгилеўден ҳәм есапқа алыўдан ибарат болған: сол ямаса басқа миллет ўәкиллериниң миллий-психологиялық айрықша өзгешеликлериниң ҳәрекет етиўиниң өзине тәнлигин дурыс есапқа алыўының, түсиниўиниң жоқары дәрежесинде әмелге асырылады.

Ҳәзирги заман жағдайларында этномәдений компетенцияларды қәлиплестириў мәселесин изертлеўде, төмендеги бағдарларда қаралатуғын мәселелер айрықша орын ийелейди: болажақ педагогларды кәсиплик таярлаў, этномәдений компетенцияларды қәлиплестириўдиң методикасын ислеп шығыў, жоқары оқыў орнының барлық педагогикалық процесинде этномәдений искерликти жеделлестириўдиң усылларын ислеп шығыў, этномәдений компетенцияларды қәлиплестириўге жәрдем беретуғын педагогикалық технологияларды ислеп шығыў, тәлимниң ҳәр түрли дәрежелеринде (мектепке шекемги, улыўма басланғыш, тийкарғы улыўма, орта, толық, басланғыш орта кәсиплик, жоқары қәнигелик этномәдений компетенцияларды қәлиплестириўдеги избе-излиликти тәртипке салыў ҳәм б. Болажақ педагог, пүткил педагогикалық процестиң баслы субъекти сыпатында алға шыға отырып ҳәм ҳәзирги заман тәлиминиң жетекши стратегиясын сәўлелендириўши билим бериў, тәрбиялаў ҳәм раўажландырыў ўазыйпаларын атқарыўды иске асыра отырып, олардың арасында этномәдений компетенция биринШилерден бири болып есапланатуғын билимлерди, көнликпелерди ҳәм уқыплылықларды ийелеўи тийис.

Усыған байланыслы, болажақ педагогтың ажыралмас, әҳмийетли сыпатламасы сыпатындағы этномәдений компетентликтиң әҳмийетлилиги, ҳәзири заманның жетекши тәлим бағдарларын есапқа ала отырып, оның қәлиплестирилиў процесин актулластырыўды талап етеди деп тастыйықлаўға болады.

Педагоглардың этномәдений компетентлигиниң қәлиплесиўине, онда педагогтың ишки негизиниң, инсанның барлық: когнитивлик, әдеп-икрамлылық – жигерлилик, искерлик, қызғын тәсирлениўшилик – тараўларының тәбийғый ылайықлы раўажланыўына сәйкес келетуғын дәстүрий мәденияттың қәдириятларына бағытланыў системасына тийкарланған, билим бериўшилик, руўхый-әмелиятлық искерлик арқалы өзгериўи жүз беретуғын процесс себепши болады.

Педагоглардың этномәдений компетенлигиниң қәлиплескенлигиниң дәрежеси, ол ҳаққында айтылғанда, регионның этномәдений раўажланыўын жойбарластырыўға сол регионның халқын қатнастырыў бойынша кәсиплик искерликке педагоглардың таяр екенлиги түсинилетуғын, социаллық-мәдений ҳәм психологиялық-педагогикалық тийкарларға байланыслы. Бундай таярлық, биринши гезекте, қәлиплескен жеке инсанлық дүзилислер менен, халықтың дәстүрий мәдениятын ҳәм этномәдений раўажланыўының нызамлылықларын билиў менен, этнопедагогикалық тәжирийбени өзлестириў менен, этнотәлимди жойбарластырыўға дөретиўшилик қатнас пенен сыпатланады.

«Этномәдений компетентлик» түсиниги – өзинде кәсиплик теориялық билимлерди, әмелий уқыплылықларды, көнликпелерди, этномәдений қунлылықларды ҳәм жүрис-турыс моделин саналы таңлап алыўды үйлестирип бирлестиретуғын, қурамалы жекке инсанлық-қәнигелик дүзилис. Этномәдений жойбарластырыўды шөлкемлестириўшиниң компетентлиги, өзиниң искерлигиниң нәтийжелериниң социаллық-мәдений әҳмийетлилигин ҳәм оған жеке жуўапкершилигин ҳәмде оны бәрқулла жетилистирип барыўы тийис екенлигин түсине отырып, өзиниң мүмкиншиликлерин (билимлерин, уқыплылықларын, жеке қәсийетлерин) жүзеге шығарыўға умтылыўын репрезентациялайды [2:280-283].

Өзбекстан Республикасында этномәдений компетенцияның қәлиплесиўи проблемасы ҳәр түрли контекстлерде изертленди: жәмийеттеги, сиясий, экономикалық, гуманитар, социаллық ҳәм мәдений контексттеги этникалар аралық қатнаслардың раўажланыў тарийхы изертленди, орта қәнигелик оқыў орынларының талабаларын полимәдениятлық билимлендириўдиң теориялық тийкарланыўы ҳәм әмелий ислеп шығылыўы иске асырылды, этникалық қурам бөлегиниң қәлиплесиўиниң концептуал тийкарлары ҳәм оны иске асырыўдың технологиялары ислеп шығылды, билимлендириў мәкемелериниң өз ара байланыслары жағдайында жаслардың этномәдений компетентлигин қәлиплестириў процеси илимий тийкарланды, тәлим мәкемелериниң тәрбия системасының пайда болыўы бойынша жумыс ислеўиниң педагогикалық жағдайлары ислеп шығылды ҳәм рәсмий түрде тастыйықланды ҳәм т.б.

Жоқарыда көрсетип өтилген, Өзбекстандағы илимий изертлеўлер, оның системасында, мектепке шекемги жастағы балаларда, жас өспиримлерде, орта ҳәм

жоқары оқыў орынларының талабаларында этномәдений компетентликти қәлиплестириў мәселелери орын алған, полимәдений мәселе менен байланыстырылған.

Сонлықтан, бүгинги күнде, этномәлений тәлимниң тийкарғы ўазыйпалары сыпатында төмендегилер усынылады:

1. Полимәдениятлы инсанды тәрбиялаў: инсанды өзиниң бурыннан бар мәденияты менен теңлестириў ҳәм оның басқа мәдениятларды өзлестириўи ушын жағдайлар жаратыў. Мәдениятлардың диалог өз ара байланысыўына, олардың өз ара бир-бирин байытыўына бағдарланыў.

2. Көп тиллерди билетуғын жекке адамды қәлиплестириў: өзиниң ана тилинде, мәмлекетлик тилде ҳәм шет еллер тилинде нәтийжели сөйлесе алатуғын пуқараларды таярлаў. Усының менен, өзиниң этномиллий топарына ҳәм мәмлекетке қатнасы бойынша «еки ҳақ нийетлилик» моделин иске асырыў. Ҳақыйқатында, ис жүзинде үш, төрт ҳәм оннан да көбирек тиллерди нәтийжели ийелеў ҳаққында сөз болыўы мүмкин.

Төмендеги шешиўди талап ететуғын мәселелер бойынша жуўапкерли изертлеўлер ҳәм анық усынıслар зәрүр:

- тәлим тараўындағы миллий қатнасларды тәртипке салыў исинде ҳүкимет органлары, билимлендириў мәкемелери, илимий мәкемелер, оқыў орынлары, миллий мәдений орайлар, жәмийетлик бирлеспелер ҳәм шөлкемлер, сиясий партиялардың күшлерин бирлестириў;
- илимий-техникалық прогресс, турмыс тәризиниң қалалыластырылыўы (турмыс тәризинде қалада жасаўға тән белгилердиң кең ен жайыўы), мәдений ассимиляцияға, бир-бирне уқсап кетиўге қарсы турыў ушын миллий мәдениятлардың этноқорғаныў функцияларының раўажланыўы жағдайларында халықлардың этномиллий өзине-тән айрықшалықларын сақлаў;
- этникалар аралық ийкемлесиўдиң қәлиплесиў мехнизминиң педагогикалық ҳәм психологиялық аспектлерин ислеп шығыў;
- этнолингвистикалық мүтәжликлердиң бар болыўы ҳәм оның қанаатландырылыўы ҳәм т.б.

Солай етип, этномәдений компетенцияларды қәлиплестириў мәселеси, оғада көп қырлы бола отырып, бүгинги күни, дүнья жүзилик билимлендириў кеңислигине ийкемлесип қосылыў интеграция жағдайларында буннан былай изертлеўлерди даўам еттириўди талап етеди. Мәселениң жеткиликли ислеп шығылмағанлығы оны әмелде шешиўдиң қыйыншылықларына себепши болмақта, бирақ усыған қарамастан, тутасы менен алғанда, жасларда ҳәм өсип киятырған әўладта әдеп-икрамлылық, мәдений ҳәм руўхый қәдириятларды қәлиплестириўде халық педагогикасы усыллары баслы тәртиплестириўши болып қалады.

Этномәдений компетентли инсан (тәлим системасының жумыс ислеўиниң нәтийжеси сыпатында) – тек ғана этномәдений билимлерге, кәсипшиликке, жоқары әдеп-икрамлылық қәсийетлерге ийе болып қалмайды, ал тийисли жағдайларда усы билимлеринен пайдаланып, ылайықлы ҳәрекет етиўге де, өзиниң этномәдений искерлиги ушын жуўапкершиликти мойнына алыўға да уқыплы болады.

Солай етип, болажақ педагогты этномәдений компетенцияның көрсеткишлерине ерисиўге бағдарлайды, оларға ерисип, болажақ педагог анық белгили бир этномәдений компетенцияға ийе болады. Соның менен бирге, компетенцияның өзи емес, ал оқытыўдың нәтийжеси, яғный фейил формасында көрсетилген көрсеткишлер баҳаланыўы тийис екенлигин есапқа алыў керек.

Болажақ педагоглардағы этномәдений компетенцияның тийкарын ҳәм мазмунын ашып көрсетиўдиң оғада әҳмийетлилиги, бул феноменниң аўҳалын таллаўды талап етти. Өткерилген таллаў, дыққат орайында белгили бир этностың этникалық мәденияты тараўындағы билимлерге, уқыплылықларға, көнликпелерге ҳәм зейинлиликлерге ийе болған инсан туратуғын, оғада көп түрли «этномәдений компетенция» түсиниклериниң бар екенлигин көрсетти. Изертленип атырған компетенцияның негизги аўҳалын таллаў барысында алынған нәтийжелер болажақ педагогтың этномәдений компетенциясының мазмунын ҳәм дүзилисин анықлаўға ҳәм оның әмелий ҳәм кәсиплик бағытланыўының келешегин белгилеўге мүмкиншилик берди.

**Әдебиятлар**

1. Губский Е.Ф., Кораблева Г.В., Лутченко В.А. Философский энциклопедический словарь. – М.: “Инфра”, 1997. –С. 576.
2. Королева Г.М. Развитие этнокультурной компетентности педагогов в современной социокультурной среде. Фундаментальные исследования. – М.: 2011, № 8-2, -С. 280-283.

**РЕЗЮМЕ**

Мақола таълим тизимида талабаларида этник-маданий компетенцияни шакллаштириш ва ривожлантириш самарадорлигига бағишланган. Замонавий жамиятда ҳар томонлама ривожланган, маънавий бой ва ижодий, энг муҳими, бағрикенгикни шакллантириш муаммосига эътибор кучайганлиги сабабли. Бинобарин, таълим жараёни шахснинг этник-маданий компетенциясини самарали шакллантириш ва ривожлантириш асосларини яритишга асосланиши керак.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящена эффективности формирования и развития этнокультурной компетенции у студентов вуза. В связи с тем, что в современном обществе возросло внимание к проблеме формирования всесторонне развитой, духовно богатой и креативной, а главное толерантной. Поэтому процесс образования необходимо основывать на создании основ эффективного формирования и развития этнокультурной компетенции личности.

**SUMMARY**

The article is devoted to the effectiveness of the formation and development of ethnocultural competence among university students. Due to the fact that modern society has increased attention to the problem of forming a comprehensively developed, spiritually rich and creative, and most importantly tolerant students. Therefore, the educational process must be based on the creation of the foundations for the effective formation and development of the ethnocultural competence of the individual.

# ПОКАЗАТЕЛИ СИЛОВОЙ ПОДГОТОВЛЕННОСТИ СТУДЕНТОК 18-19 ЛЕТ

**Г.М.Хасанова –** *кандидат педагогических наук, доцент*
**Н.Ю.Пахрудинова –** *преподаватель*
*Узбекский государственный университет физической культуры и спорта*

**Таянч сўзлар:** куч, фитнес-саноати, электив курслар, бодибар, гантеллар, резинали амортизатор.
**Ключевые слова:** сила, фитнес-индустрия, элективные курсы, бодибар, гантели, резиновый амортизатор.
**Key words:** strength, fitness industry, elective courses, bodybar, dumbbells, rubber shock absorber.

**Введение.** Неблагоприятные тенденции резкого ухудшения состояния здоровья людей в связи с изменениями окружающей среды, климата, ограничением двигательной активности, вредными привычками, стрессами и неправильным питанием ставят перед специалистами не только физической культуры и спорта, но и